

## Mesaj: Fè atansyon avèk moun kap eseye vòlè pandan Tranbleman Ayiti a.

New York State Consumer Protection Board (CPB) ap avèti moun pou fè atansyon avèk òganizasyon kap mande lajan pou moun ki viktim nan tranbleman de tè ki sot pase Ayiti a. Move zafè yo ap chèche yon jan pou yo genyen aksè sou kredi kat avèk kanè bank ou de fason pou yo fè vol. Gen anpil Òganizasyon san moral tou kap mande lajan konsa, menm lè se yon ti pousantaj yo mande pou moun viktim yo nan tranbleman de tè a. Menm bagay sa yo te fèt pandan dezaz, tankou tsunami an 2004 la avèk siklòn Katrina an 2005.

“Lapriyè nou avèk pèp ayisyen ansanm avèk Nouyòkè ki asosye avèk kominote ayisyen an, anpil ke vye moun gentan fixe paske yo konnen ke Nouyòkè sa yo ap fè tout efò yo pou ede moun ki viktim,” jan Gouvènè David A. Paterson di'l. “Nap bay yon gwo kout chapo pou jenewozite moun Nouyòk genyen e nap fè yo sonje tou pou yo fè atansyon lè yap bay tan yo avèk lajan pou ede moun ki viktim nan trajedi Ayiti a.”

Egzekitif Direktè Mindy A. Bocktein di ke “vye moun sa yo eksplwate anpil lòt bagay ki fèt deja. Avan ke konsomatè yo reponn yon demand avèk tout kè yo, yo sipoze si ke yap bay lajan ak yon konpayi ki legal. Gen bon kè men fè atansyon.”

Pandan ke konsomatè yo ap di pou moun fè atansyon avèk anpil charite ki parèt imedyatman pandan tranbleman de tè sa, yo sipoze rete aktif tou pou yo pa pran nan fent, nan men moun ki pwal eseye fè vòlè pandan efò kap fèt pou rekonstwi Ayiti nan tan kap vini yo.

Anpil òganizasyon legal ap mande èd pou moun ki viktim nan tranbleman de tè ki detwi Ayiti a. Pou nou ka ede konsomatè yo evite bay vye solisite èd, e pou nou si ke yap bay yon bon òganizasyon èd, CPB rekòmande pou swiv konsèy sa yo:

1. **Bay èd avèk konpayi charite ke nou rekonèt epi nou fè konfyans.** Chèche konnen estati òganizasyon an, kote li anrejistre e ou ka pote plent sou rele CPB, Biro Avoka General depatman Nouyòk la, Internal Revenue Service (IRS) e/oubyen Better Business Bureau. Ou ka menm ale sou sit Avoka General Depatman Nouyòk la ki se [www.oag.state.ny.us](http://www.oag.state.ny.us). Pou wè ki konpayi charite ki anrejistre.
2. **Fè atansyon avèk moun ki vle lajan vit oubyen kap fè gwo presyon sou ou.** Lè yo rele nan telefòn, toujou mande operatè a pou li voye enfòmasyon alekri sou charite a. Pa genyen okenn bon òganizasyon kap pèsiste pou bay lajan imedyatman. Atansyon ak moun kap itilize istwa tris ki ka fè kè ou fè ou mal. Mande enfòmasyon ekri sou òganizasyon an avèk kòman yap depanse e separe lajan w lan.
3. **Evite bay lajan kach. Ekri chèk sou non Charite men pa sou non moun.** Bay kontribisyon nan chèk oubyen sou kredi kat yon fason pou ka genyen prèv ke ou te bay lajan. Si ou chwazi pou ale sou sit yon charite pou bay lajan, fòk ou ka si ke sit sa you ye an sekirite e konpitè ou a gen bagay ki ka pwoteje kont viris.

4. **Fè atansyon avèk vye solitasyon.** Ansanm avèk vye lèt, kout fil e mesaj ke resevwa kap mande ou èd. Sèl si se ou ki vle pou ou resevwa mesaj de konpayi charite ou chwazi, si se pa sa piga ou reponn vye mesaj. Piga ou ouvè okenn nan vye imèl say o, menm lè lenk lan sanble avèk yon konpayi ki legal. Gen lòt mesaj tou kap mande w pou voye lajan pou yo nan yon bank ki yon nan lot peyi.
5. **Piga bay ankenn enfòmasyon pèsonèl e finansye.** Pa janm bay nimewo sosyal sekirite, kredi kat oubyen nimewo debi kat oubyen lòt enfòmasyon pèsonèl w espesyalman ak vye konpayi charite, sitou nan telefòn.

Nap ankouraje konsomatè ki resevwa vye mesaj pou repòte sa you swit a CPB e ranpli yon fòm ke ap ka jwen sou entènèt nan [www.nysconsumer.gov](http://www.nysconsumer.gov) oubyen rele nan nimewo gratis sa ki se 1-800-697-1220. Pou plis enfòmasyon pou ki jan ou ka wè vye mesaj yo, vizite [www.nysconsumer.gov](http://www.nysconsumer.gov)

CPB te etabli an 1970 sou Lejislati Stet Nouyòk la, ap selebre karantèm anivèsè kòm pi gwo òganizasyon san pwofi nan depatman an. Misyon CPB se pwoteje tout Nouyòkè nan pibliye enfòmasyon sou ankèt ke yo fè sou lisans avèk pwodui ki pa efikas sou yon biznis ke moun yo non sèlman pa fè konfyans epi genyen kesyon sou yo; CPB mennen anpil ankèt epi yo ranfòse lwa ki rele Do Not Call la; chèche pwoblèm; kreye lwa; mete pwogram edikasyon avèk materyèl pou konsomatè; reponn tou plent ke yon moun genyen; e, defann enterè konsomatè avan Sèvis Piblik Komisyon avèk lot Stet e biwo federal yo.

---

*Pou ranpli e pote plent nan NYS , rele telefòn gratis nou an nan 800-697-1220 oubyen vizite sit CPB a nan [www.nysconsumer.gov](http://www.nysconsumer.gov). Anplis fòm ou ka ranpli sou entènèt, sit sa genyen anpil enfòmasyon enpòtan tou sou sekirite konsomatè.*